

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa, basa jeung budaya mangrupa komponen anu teu bisa dipisahkeun, sabab basa anu digunakeun ku manusa jeung budaya anu dilakukeun téh mangrupa hasil tina kahirupan sapopoé. Saluyu jeung anu ditétélakeun ku Darajat jeung Suherman (2021, kc. 212) yén manusa, basa, jeung budaya mangrupa hiji hal anu teu leupas tina kahirupan, éta hal lantaran basa jeung budaya téh mangrupa hasil kréativitas manusa keur nyumponan sagala aspek kahirupan. Rupa-rupa sélér bangsa di Indonesia mangrupa gambaran kabeungharan basa jeung budayana. Réa pisan basa jeung budaya nu nyampak dina kahirupan masarakat boh lisan boh tulisan. Afria jeung Sanjaya (2020, kc. 135) nétélakeun yén réa sélér bangsa di Indonesia anu mangrupa gambaran kabeungharan budaya, di antarana waé mangrupa kabeungharan barang, kabeungharan lisan jeung kabeungharan tulisan.

Manusa ngagunakeun basa pikeun alat komunikasi, hartina basa téh boga peran anu penting dina kamekaran budaya. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Putri jeung Sudaryat (2021, kc. 38) yén basa mangrupa unsur penting dina komunikasi antarmanusa. Triyanto spk (2019, kc.2) nyebutkeun yén basa téh boga peranan penting jeung aktif dina kamekaran budaya kaasup ide-ide dina élmu pangaweruh. Nurutkeun Vygotsky dina Mulyani (2020, kc. 4) basa, budaya, jeung cara mikir téh mangrupa tilu diménsi nu silih mangaruhan. Éta tilu diménsi téh mangaruhan kahirupan manusa. Makéna basa mangrupa usaha sacara sadar jeung soso-soso pikeun ngawangun hiji budaya.

Budaya nu hadé mekar ngaliwatan kakuatan pikiran hiji jalma atawa kelompok masarakat nu satia ngagem tradisi jeung kearifan lokal. Hal éta luyu jeung pamadegan Endah Setiani spk, (2018, kc. 64) dina kahirupan sapopoéna manusa téh tumuwuh tur mekar ku budayana. Hakékatna mah manusa miboga ajén-ajén budaya anu diwarikseun, ditafsirkeun, jeung dilaksanakeun saluyu jeung parobahan masarakatna. Budaya mangrupa pikiran, akal atawa hasil adat istiadat. Kabudayaan nurutkeun Taylor dina Soelaeman (2010, kc. 19) di hartikeun hiji peradaban anu eusina mangrupa pamahaman

Ainun Aulia Putri, 2022

LÉKSIKON BUDAYA SUNDA DINA TÉKS KAKAWIHAN (Ulikan Struktural jeung Étnolinguistik)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hiji bangsa anu kompleks, pangaweruh, kapercayaan, seni, moral, hukum, adat istiadat (kabiasaan), jeung hal-hal lain nu aya dina lingkungan masarakat.

Kabudayaan bisa tuluy dipikanyaho jeung diwariskeun ku masarakat upamana waé basa panganteurna dipikaharti. Nurutkeun Ihsani spk (2021, kc. 170) yén kabudayaan bisa dipikapaham, dipikareueus, jeung dipikanyaho waktu ngagunakeun basa panganteurna. Nurutkeun UU RI NO, 3 Bab II Pasal 5 (2017) wujud kabudayaan téh perlu dimumulé. Objék pikeun ngamumulé kabudayaan di antarana wae, (1) tradisi lisan; (2) manuskrip; (3) adat istiadat; (4) ritus; (5) pangaweruh tradisional; (6) teknologi tradisional; (7) seni; (8) basa; (9) kaulinan rakyat; jeung (10) olahraga tradisional. Dumasar tina éta hal, tradisi lisan téh mangrupa salah sahiji wujud objék kabudayaan anu kudu dimumulé. Rupa-rupa tradisi lisan téh, diantarana waé kakawihan.

Nurutkeun Gloriani (2013, kc. 196) kakawihan mangrupa salah sahiji wangun folklor lisan hasil kabudayaan masarakat Sunda baheula. Kakawihan dihaleuangkeun dina kaulinan barudak Sunda. Faiz spk (2020, kc. 27) nétélakeun yén kakawihan barudak disebut ogè kakawihan kaulinan barudak. Biasana kakawihan barudak dihaleuangkeun nalika barudak keur ngulinkeun kaulinan barudak di jero imah bisa ogé di luar imah.

Kakawihan téh mangrupa warisan masarakat anu tuluy tumuluy dikembangkeun ti hiji generasi ka generasi sacara lisan, sahingga loba muncul variasi nu anyar. Salah sahiji buku anu jerna inventarisasi téks kakawihan téh nyaéta buku *Kakawihan Barudak Nyanyian Anak-Anak Sunda*, meunang ngumpulkeun Atik Soepandi jeung Oyon Sofyan Umsari taun 1985, Soepandi jeung Umsari (1985).

Di handap ieu conto tina kakawihan kaulinan barudak,

PACIWIT-CIWIT LUTUNG

Paciwit-ciwit lutung

si lutung pindah ka tungtung

Paciwit-ciwit lutung

si lutung pindah ka luhur

Dina téks kakawihan di luhur ébréh ayana léksikon budaya Sunda sistem élmu pangaweruh anu kaasup kana sasatoan dicirian ku kecap *lutung*.

Kiwari loba kabudayaan nu geus mimiti tumpur, boh lantaran teu dipikawanoh deui boh lantaran hésé atawa euweuh sarana pikeun ngahirupkeunana. Salasahiji tradisi atawa

budaya nu mimiti tumpur nyaéta kakawihan. Ieu hal katitén ku jarangna barudak, boh di pilemburan boh di kota nu masih kénéh ngawihkeun kakawihan dina ngaulinkeun kaulinan barudak. Aya sawatara alesan pangna ieu panalungtikan perlu dilumangsungkeun. Kakawihan téh mangrupa warisan tradisi lisan anu geus mulai kalindih ku modernisasi. Kakawihan anu biasana dihaleuangkeun jeung dihariringkeun nalika barudak ngulinkeun kaulinan barudak téh ayeuna mah tara kasorang, sabab kaulinan barudak téh papuket jeung téknologi. Hal éta ogé anu mangaruhan kana basa anu digunakeun sapopoé, kiwari basa Sunda geus langka digunakeun, sabab kakurangan kosakata tur kabiasaan ngagunakeun basa asing tina *gadget*. Ku kituna penting pisan ieu panalungtikan dilaksanakeun téh pikeun medar léksikon budaya Sunda jeung ngawanohkeun deui téks kakawihan.

Panalungtikan ngeunaan léksikon budaya anu kungsi dilaksanakeun di antarana waé, “Léksikon Budaya dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Ulikan Antropolinguistik)” (Kusumawati, 2016). Anu nalungtik ngeunaan léksikon budaya dina babasan jeung paribasa Sunda. “Léksikon Budaya dina Tradisi Ngarumat Barang Pusaka di Kabupatén Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Budaya di SMA” (Juwita, 2017). Saruana panalungtikan ieu jeung panalungtikan séjén téh sarua nalungtik ngeunaan léksikon budaya. Ari bedana jeung panalungtikan di luhur téh dina objékna, nu kahiji mah dina babasan jeung paribasa Sunda, nu kadua mah dina tradisi Ngarumat Barang Pusaka di Kabupatén Bandung. Panalungtikan ieu mah museur kana wangun léksikon budaya Sunda, aspek-aspek étnolinguistik, struktur léksikal jeung ma’na leksikal nu aya dina téks kakawihan.

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun medar jeung mikanyaho ngeunaan wangun léksikon budaya Sunda dina téks kakawihan, aspék-aspék étnolinguistik dina téks kakawihan, struktur léksikal jeung ma’na leksikal nu aya dina téks Kakawihan. Panalungtikan ieu téh mangrupa panalungtikan munggaran nu nalungtik léksikon budaya dina téks kakawihan. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh keur panalungtikan hususna, umumna keur pamaca. Ku kituna panalungtikan ieu dijudulan “Léksikon Budaya dina Téks Kakawihan (Ulikan Struktur jeung Étnolinguistik)”.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah Panalungtikan

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan léksikon budaya Sunda dina teks kakawihan ngagunakeun ulikan struktural jeung étnolinguistik. Aya sawatara masalah anu bisa diidentifikasi, di antarana waé, nyaéta:

- a. léksikon budaya Sunda dina teks kakawihan.
- b. aspek-aspek étnolinguistik dina léksikon budaya Sunda anu aya dina téks kakawihan.
- c. téks kakawihan mibanda wangun léksikal nu tangtu; jeung
- d. ma'na leksikal leksikon budaya Sunda dina téks kakawihan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi masalah, **rumusan masalah** dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Léksikon budaya Sunda naon waé nu aya dina téks kakawihan?
- b. Aspék-aspék étnolinguistik léksikon budaya Sunda naon waé anu aya dina téks kakawihan?
- c. Kumaha wangun léksikon nu aya dina téks kakawihan?
- d. Kumaha ma'na leksikon budaya Sunda dina téks kakawihan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun léksikon budaya Sunda dina téks kakawihan (Ulikan Struktural jeung Étnolinguistik).

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. léksikon budaya Sunda nu aya dina téks kakawihan;
- b. aspek-aspek étnolinguistik dina léksikon budaya Sunda anu aya dina téks kakawihan;
- c. wangun léksikon budaya nu aya dina téks kakawihan; jeung

d. ma'na léksikal leksikon budaya Sunda dina téks kakawihan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, pikeun leuwih jéntré mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi opat, nyaéta mangpaat tioritis, kawijakan, praktis, isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan pikeun méré gambaran kalungguhan jeung hirup huripna léksikon budaya dina téks kakawihan nu aya sumebar di masarakat. Ieu gambaran nyumponan kajian étnolinguistik nu ngulik basa jeung budaya.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé pikeun lembaga atikan, utamana kana téks kakawihan, hususna nu patali jeung léksikon budaya.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan sacara praktis nyaéta:

- a. Pikeun pamaréntah, leuwih niténan deui kahirupan tur kalungguhan léksikon budaya Sunda minangka usaha pikeun ngahirup-huripkeun basa Sunda;
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh téks kakawihan nu ditalungtik minangka rékomendasi bahan pangajaran. Conto-conto téks kakawihan anu ngandung léksikon budaya baris dipedar dina ieu panalungtikan;
- c. Pikeun murid, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan réfénsi sumber bacaan pikeun leuwih mikanyaho kana léksikon budaya Sunda jeung kakawihan.
- d. Pikeun référénsi, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngabeungharan hasil panalungtikan ngeunaan tilikan étnolinguistik hususna dina léksikon budaya Sunda tur jadi dokuméntasi pikeun lembaga atikan, sarta lembaga sastra Sunda; jeung
- e. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan référénsi historis ngeunaan kaayaan sosial dina hiji karya sastra boh sastra lisan atawa tulisan, sarta mikanyaho yén karya sastra téh dalit jeung kahirupan masarakat.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial dina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan bacaan pikeun réa jalma, ngahirup-huripkeun léksikon budaya Sunda jeung kakawihan. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun tinimbang dina ngajén kaayaan istilah-istilah basa, jeung budaya Sunda nu masih kénéh digunakeun.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu tésis disusun jadi lima bab, anu tiap-tiap bab didadarkeun ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu kabagi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu kabagi opat nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis jeung mangpaat isu sarta aksi sosial, tuluy nu pamungkas dina bab ieu aya raraga tulisan.

Bab II Ulikan tiori, eusina ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori anu di paké dina ieu panalungtikan nyaéta étnolinguistik, kakawihan, léksikon budaya Sunda, wangun léksikon budaya Sunda, aspek-aspek léksikon, jeung ma'na léksikon budaya Sunda.

Bab III Méthode panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode naon waé anu digunakeun dina ieu panalungtikan, eusina téh desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, tékhnik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan anu geus kapaluruh nyaéta léksikon budaya Sunda, wangun léksikon budaya Sunda, aspek-aspek léksikon, jeung ma'na léksikon budaya Sunda.

BAB V Kacindekan implikasi jeung rekomendasi, eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan anu geus dilakonan, implikasi jeung rekomendasi atawa harepan panalungtik keur panalungtikan kahareupna pikeun kamajuan panalungtikan.